

Chè fanmi lekòl Osceola yo,

Nou remèsye oumenm ak fanmi w paske w se patnè enpòtan nou pandan n ap travay ansanm pou edike timoun yo nan distri nou an. Distri Lekòl Osceola bay opinyon kominote nou an bay anpil valè – epi nou bezwen tande pitit ou a (yo). Elèv yo se patnè enpòtan pandan n ap travay pou amelyore kominikasyon nou, pwogram akademik yo, ak eksperyans jeneral pou tout moun.

Pou aprann plis sou eksperyans elèv yo nan lekòl la, n ap mande kòmantè pitit ou a atravè yon sondaj sou entènèt y ap ranpli nan lekòl la. Sondaj la pa ta dwe pran plis pase 10-15 minit pou konplete.

Nou ap mande pou tout elèv nou yo patisipe nan sondaj la, paske fidbak yo pral bay bonjan apèsi sou eksperyans yo ak fason nou ka amelyore epi adapte distri nou an a bezwen yo. Si yon elèv pa santi li gen ase enfòmasyon pou reponn yon kesyon, li pral kapab sote atik la nèt oswa ou menm, kòm paran an, ka chwazi pou pitit ou a pa pran sondaj la. Repons endividyèl elèv yo nan sondaj sa yo pral konfidansyèl.

Si w prefere pitit ou a refize pran sondaj la, tanpri konekte sou kont Focus Parent Portal ou a, epi chwazi “Rezime Fòm” sou bò goch paj la. Lè sa a, chwazi "Fòm ki disponib" epi tcheke kare ki anba seksyon "Koleksyon Done". Si ou pa gen yon kont Portal Paran, tanpri gade enstriksyon nan <https://bit.ly/2025parentportalinformation> sou fason pou jwenn youn.

Nou remèsye ou davans pou patisipasyon oumenm ak pitit ou a nan sondaj la. Si w gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte direktè lekòl la.